

Anons oratè Seremoni pou Remèt Diplòm 2024

29 avril 2024

Kamarad Terapen Mwen yo,

Youn nan privilèj mwen genyen antanke prezidan se selebre reyalizasyon remakab Tèp k ap resevwa diplòm fen etid nou yo. Evènman ane sa a ki nan tout kanpis la 20 me 2024 la pral onore etidyan k ap gradye nan sezon ete 2023, otòn 2023, ak prentan 2024 yo.

Avèk anpil atant, mwen kontan anonse oratè **Seremoni pou Remèt Diplòm 2024 nou an** se **pral Gouvènè Wes Moore.**



**The Honorable
Wes Moore**

MARYLAND GOVERNOR
2024 COMMENCEMENT SPEAKER

COMMENCEMENT.UMD.EDU | #UMDgrad



Depi nan kòmansman peryòd manda Gouvènè Moore la, nou te devlope yon patenarya eksepsyonèl, kote li te chwazi itilize inivèsite nou an kòm lokal pou l òganize premye evènman piblik li kòm gouvènè eli. Se yon onè pou mwen dèske etidyan k ap gradye nou yo pral gen opòtinite pou yo aprann sou pakou li, depi nan rasin li nan Takoma Park pou l vin premye Gouvènè Nwa Maryland nan istwa 246 ane eta a.

Yon politisyen, defansè ak biznisman eksepsyonèl

Gouvènè Wes Moore, ki se yon ansyen sòlda distenge, otè ak natif natal Maryland, se twazyèm

Gouvènè Ameriken Nwa eli nan istwa Etazini. Moore, ki te onore kòm yon moun ki te jwenn yon bous etid Rhodes, te reyalize travay akademik eksepsyonèl epi li te yon sòlda ki te brav. Akoz de sa a, li te jwenn yon pòs kòm yon Kolaboratè Mezon Blanch, kote li bay konsèy sou pwoblèm sekirite nasyonal ak relasyon entènasyonal yo.

Antanke yon antreprenè, Moore fè tout sa a ki posib pou li garanti etidyan defavorize yo reyisi nan edikasyon siperyè atravè konpayi li a, BridgeEDU. Epi li eksplòre ras, ekite ak opòtinite nan travay li pibliye yo, "The Other Wes Moore" (Lòt Wes Moore la) ak "Five Days" (Senk (5) jou).

Se yon chans nou genyen dèske li pral pataje konesans li ak bon konprann li avèk pwomosyon etidyan k ap gradye nou an, zanmi ak fanmi yo.


Seremoni pou remèt diplòm:

Mwen pa ka tann pou m wè tout etidyan k ap gradye nou yo nan SECU Stadium lendi 20 me 2024 la a 6 p.m. pou seremoni pou remèt diplòm kanpis la. [**Seremoni endividyèl lekòl ak inivèsite yo**](#) ap fèt lendi 20 me, madi 21 me ak mèkredi 22 me. [**Sit entènèt seremoni pou remèt diplòm**](#) nan gen plis enfòmasyon sou tikè, orè seremoni yo, abiman ak repons pou kesyon moun poze souvan yo.

Nou pa ka tann pou n akeyi Gouvènè Moore k ap tounen sou kanpis la pou selebrasyon anyèl

ekselans Terapen sa a.

Avèk anpil senserite,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is written in a cursive style with a large, prominent initial "D".

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland